# Pfupiso:
# Dandemutande Remabhizimisi E-CIO

Chikumi 2024


Chikamu chemapurisa anoita zvekuferefeta cheZimbabwe's Central Intelligence Organisation (CIO) chinogona kunge chiine mukoto wacho unochiwanisa mari, Sangano reThe Sentry rakaona kudaro. Mashoko anogona kungoonekwa neveruzhinji anoratidza kuti chikamu ichi cheCIO chinodzora kambani yeTerrestrial Holdings, inova imwe yemakambani anoita zvekurimwa kwembanje, zvekugadzirwa kwemagetsi pachishandiswa simba rezuva, kuchera marasha, zvekushanyirwa kwenzvimbo dzinoyevedza, uye zvemutambo wegorofu.

Pasinei nekuti mari zhinji dzeCIO dzinobva kubhajeti yenyika, chikamu ichi—chine bazi racho rezvebhizimisi—changezve chichizivikanwa nekuita mabasa ebhizimisi asiri echikamu chehurumende kuti chizviwanise imwewo mari yekubhadhara zvimwewo zvinenge zvisiri mubhajeti yacho.[1] Munguva yakapfuura, makambani emubatanidzwa eCIO aiita mabasa akasiyana-siyana akadai sekurima howa, kutengesa vana venzou kunze kwenyika, nekuchera ngoda.

## Kuratidza dandemutande remabhizimisi acho

Sangano reThe Sentry rakakwanisa kupa mhedziso yekuti veCIO vanogona kunge vachitungamirira makambani anoti Terrestrial Holdings uye Terrestrial Mining nekuongorora mashoko anoratidza dandemutande rekare remibatanidzwa yemakambani eCIO.

Mugore ra2018, aimbove mukuru-mukuru weCIO General Happyton Bonyongwe akapa humbowo kukomiti yeparamende yeParliamentary Portfolio Committee nezvekambani inonzi Kusena Diamonds, iyo veCIO vari varidzi vechimwe chikamu chayo.[2, 3, 4, 5] Paakasiya manotsi ezvaaitaura paikwanisa kutorwa mifananidzo nemakamera, Bonyongwe akabuditsazve pachena, asina kuzvironga, zita rekambani iyi, ine masheya anosvika 10% ekambani yeKusena inonzi: Chapel Mining.



(Pvt) Ltd. ... formed was known as Kus

2. Kusena Diamonds shareholding comprised of:

| | |
|---|---|
| ZMDC | 50% |
| NRG | 40% |
| Chapel Mining | 10% |

NRG was the National Reconstruction Group, which represented ZANU [PF] and Chapel Mining represented CIO interests.

3. Chapel Mining, as its equity, contributed the following:

- Plant water supply system comprising 110 KVA generator, 14 000 litre fuel tank and 2 kilometers water pipeline; Office camp with several air conditioned sleeping quarters and offices, canteen, 75KVA generator about 2 kilometers of pipeline;
- Plant — grizzler (plant feed) scrubber ...

Mufananidzo Wezviri Pasikirini wemapepa emashoko akaturwa naHappyton Bonyongwe sehumbowo pamberi pekomiti yeparamende yeParliamentary Portfolio Committee on Mines and Energy, musi wa9 Kubvumbi, 2018.

Sangano reThe Sentry rakaongorora zvinyorwa zvemakambani ose ari maviri yeKusena uye yeChapel Mining, pamwe chete nemundandanda wemishandirapamwe yekare yakaitwa neCIO namuzvinabhizimisi wekuChina nekuAngola anonzi Sam Pa. Zvinyorwa zvakafayerwa izvi zvakaratidza mundandanda wemazita emadhayirekita ekambani. Nekuenzanisa mazita emadhayirekita aya nezvinyorwa zvekumatare, zvinyorwa zvekare, nezvimwewo,


takaona kuti kazhinji zvaiitwa nemapoka evanhu vanoita zvemari vari muzvikamu zvehutungamiri hweCIO uye nemapazi ezvemari nemafambisirwo ebasa. Takabva taona makambani aripo izvezvi ane madhayirekita akafanana neaimbova mumakambani aitungamirirwa neCIO kare uye aishandira ari pachivakwa chemahofisi chakafanana muHarare: cheLivingstone House.

Kutaura zvazviri, sangano reThe Sentry rakawana mashoko ekuti makambani anoti Terrestrial Mining uye Terrestrial Holdings, anowanikwa munhurikidzwa yechishanu neyechisere yechivakwa cheLivingstone House, anoita seanotungamirirwa neCIO. Kambani yeTerrestrial Mining neimwe yayo, yeWhitelime Mining, yakapihwa nzvimbo huru yekuchera marasha inosvika mahekita 50,000 pedyo neLake Kariba iri kumadokero kweZimbabwe, inova nzvimbo iri pedyo nemafekitari mahombe ari kurongwa kuitwa uye atoripo ayo anoshandisa simba remarasha.[6, 7, 8, 9, 10] Nechekunopera kwegore ra2023, kambani yeTerrestrial Holdings yakaparura webhusaiti yayo, ichizvitsanangura sekambani iri pasi pekambani hombe iyo ine zvinangwa mumabasa ekuchera goridhe, marasha, nelithium; kurima mbanje, kutengesa zvivakwa; zvekufambiswa kwemashoko; zvesimba remagetsi anobva kuzuva nesimba remoto; zvekutakurwa kwezvinhu nekuitwa kwehurongwa hwazvo; uye mabasa ekutakura vashanyi nemota munzvimbo dzinochengetwa mhuka.[11] Pavakabvunzwa nesangano reThe Sentry, kambani yeTerrestrial Holdings yakaramba kuti veCIO ndivo varidzi vayo asi ndokuramba kudura mazita evane masheya mairi.

## Makambani anoshandidzana neCIO Ari paLivingstone House

Kambani yeTerrestrial Holdings panguva ino inowanika munhurikidzwa yechinomwe yechivakwa cheLivingstone House, icho munguva zhinji chaishandiswa nemakambani ane madhayirekita ari muchikamu chemaCIO.

THE SENTRY




Zviri mugirafu zvakarurama kana pachitariswa mashoko ari muchinyorwa chekambani chekupedzisira. Kudyidzana nevekuCIO kwakaonekwa: *kubva mubhuku rinowanika makero evekuCIO remumakore ekuma2000; **kubva muzviziviso zviri pamutemo zvenyaya dzemuZimbabwe; ***pakumhan'arwa kwakaitwa nyaya yekubudiswa kwemashoko zviri kunze kwemutemo kunonziwo "Mediagate."

## Mhedziso

Kuvapo kwedandemutande remabhizinisi anotungamirirwa ne-CIO inyaya hombe nekuti chikamu ichi—icho chinonzi chine

zvachakaita pakutyisidzira vanhu munguva dzesarudzo—chinoda kutungamirirwa pachitevedzwa zvido zveruzhinji, kusanganisira kuongorora mafambisirwo emari uye nekuona kana chiri kushanda nenzira yejekerere, kuitira kuti vanhu vasambunyikidzwe.[12, 13, 14] Kana vari muchikamu chekuchengetedzwa kwenyika vakava nekumwewo kwavanozviwanira mari yavo zvinogona kukonzera kuti vapengereke zviri nyore.[15]

Tsanangudzo izere yemaitiro akaita sangano reThe Sentry tsvakurudzo ino inowanika mumutauro weChirungu pawebhusaiti yedu inoti: www.thesentry.org.

1 CIO088 – Charity Madyambudzi naShadreck Mugabe v. Director General N.O uye Deputy Director N.O neGurukota Rinoona nezveKuchengeteka Kwenyika N.O, HH 185-22 / HC 3670/21, Dare Repamusoro, Harare, 2021 uye 2022.

2 Musangano wekuturwa kweumbowo pamberi pekomiti yeparamende yeParliamentary Portfolio Committee on Mines and Energy, April 9, 2018, inowanika pa: https://www.youtube.com/watch?v=aXGkXL2trn0 (58:30-1:08:30).

3 Global Witness, "Is ZANU-PF's Hidden Hand in Zimbabwe's Diamond Industry Revealed by Secret Document?," June 25, 2018, inowanika pa: https://web.archive.org/web/20230603182327/https://www.globalwitness.org/en/blog/zanu-pfs-hidden-hand-zimbabwes-diamond-industry-revealed/

4 Global Witness, "Stones, Seed and Suffrage," February 21, 2020, inowanika pa: https://web.archive.org/web/20211218150530/https://www.globalwitness.org/en/campaigns/conflict-minerals/stones-seed-and-suffrage/

5 Global Witness, "An Inside Job: Zimbabwe: The State, the Security Forces, and a Decade of Disappearing Diamonds," September 2017, pp. 22-27, inowanika pa: https://www.globalwitness.org/documents/19226/Inside_job_FINAL_4_web.pdf

6 CIO069 - Zimbabwe Registrar of Companies, "Terrestrial Mining," October 8, 2020.

7 CIO075 – Zimbabwe Registrar of Companies, "Whitelime Mining," March 31, 1995.

8 CIO067 – Zimbabwean Government Gazette, "General Notice 2890 of 2021," October 15, 2021, inowanika pa: https://gazettes.africa/archive/zw/2021/zw-government-gazette-dated-2021-10-15-no-122.pdf

9 CIO068 - Zimbabwean Government Gazette, "General Notice 457 of 2022," March 11, 2022, inowanika pa: https://gazettes.africa/archive/zw/2022/zw-government-gazette-dated-2022-03-11-no-25.pdf

10 Mukuwedzera kumagwenya emagetsi eHwange power station, pane hurongwa hwekuitwa kwemamwe magwenya emagetsi mudunhu iri. Somuenzaniso, ona nyaya inoti:

Bernard Mpofu, "Chinese Investor Plans a US$400m Plant for Zim," The NewsHawks, July 16, 2023, inowanikwa pa: https://thenewshawks.com/chinese-investor-plans-a-us400m-plant-for-zim/

11 CIO152 – Webhusaiti yekambani yeTerrestrial Holdings, inowanika pa: https://web.archive.org/web/20240328082215/https://terrestrialholdings.co.zw/

12 Research and Advocacy Unit, Counselling Services Unit, Zimbabwe Human Rights NGO Forum, Veritas, Heal Zimbabwe, "A Consolidated Report on Pre and Post Organised Violence and Torture during the 2023 Harmonised Elections in Zimbabwe," November 2023, p.15, inowanika pa: https://researchandadvocacyunit.org/report/a-consolidated-report-on-pre-and-post-organised-violence-and-torture-during-the-2023-harmonised-elections-in-zimbabwe

13 CIO022 & CIO023 – Citizens' Coalition for Change council candidate, Affidavit, June 23, 2023, riri mufayera reThe Sentry.

14 CIO117-CIO121 – Nhengo yeParamende yeCitizens' Coalition for Change, Mashoko akataurwa nanyajambwa kumapurisa, August 23, 2023, ari mufayera reThe Sentry.

15 Somuenzaniso, ona zviri kuitika munyika yeSudan, uko boka revanhu vakadzidziswa zvechiuto reRapid Support Forces raiva nekumwe kwaraiwana mari iri kunze kwebhajeti yaro kubva mukuchera goridhe nekuita zvemabhizimisi, kuita izvi kunogona kunge kwakabatsira boka iri pakurwisana kwarave kuita neuto renyika yeSudan. Ona:

Global Witness, "Exposing the RSF's Secret Financial Network," December 9, 2019, inowanika pa: https://web.archive.org/web/20200305171859/https://www.globalwitness.org/en/campaigns/conflict-minerals/exposing-rsfs-secret-financial-network/